ISSN: 2181-3906 2026

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 5 / ISSUE 8 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

# QARAQALPAQSTANDA DEMLI SAZ ATQARIWSHILIQ MEKTEBINIŃ RAWAJLANIWI.

**Aliaskarov Temur Dauranbekovich**
Ózbekstan mámleketlik Konservatoriyası Nókis filialı "Saz atqarıwshılıǵı" kafedrası
"Demli hám urma sazlar" qánigeligi 3-kurs studenti.
temuraliaskarov@gmail.com
https://doi.org/10.5281/zenodo.21931389

***Annotaciya***. *Bul maqalada Qaraqalpaqstanda klassikalıq úplep shertiletuǵın saz ásbaplarınıń qáliplesiwi hám rawajlanıwınıń tiykarǵı basqıshları haqqında sóz etiledi. Evropa demli saz ásbaplarınıń payda bolıw ózgeshelikleri, muzıka bilimlendiriwiniń rawajlanıwı, atqarıwshı jámáátlerdiń qáliplesiwi, mádeniyat mekemeleriniń professional sazendelerdi tayarlawdaǵı ornı sıyaqlı máseleler sáwlelendirilgen. Qaraqalpaq zamanagóy muzıkalıq mádeniyatında demli saz atqarıwshılıqtıń áhmiyeti atap ótilgen.*

***Gilt sózler:*** *Qaraqalpaqstan, úplep shertiletuǵın ásbaplar, muzıka bilimlendiriwi, úplep shertiletuǵın orkestr, atqarıw kórkem óneri, klassikalıq muzıka, muzıka mádeniyatı.*

***Аннотация***. *В статье рассматриваются основные этапы становления и развития классических духовых инструментов в Каракалпакстане. Освещаются особенности появления европейских духовых инструментов, развитие музыкального образования, формирование исполнительских коллективов и роль учреждений культуры в подготовке профессиональных музыкантов. Отмечается значение духового исполнительства в современной музыкальной культуре Каракалпакстана.*

***Ключевые слова:*** *Каракалпакстан, духовые инструменты, музыкальное образование, духовой оркестр, исполнительское искусство, классическая музыка, музыкальная культура.*

***Annotation***. *The article examines the main stages of the formation and development of classical wind instruments in Karakalpakstan. The features of the emergence of European wind instruments, the development of musical education, the formation of performance groups, and the role of cultural institutions in training professional musicians are highlighted. The significance of wind performance in the modern musical culture of Karakalpakstan is noted.*

***Keywords***: *Karakalpakstan, wind instruments, musical education, brass band, performing arts, classical music, musical culture.*

Qaraqalpaqstannıń muzıkalıq mádeniyatı bay milliy dástúrler hám professional muzıka kórkem óneriniń rawajlanıw processleri tásirinde qáliplesti. Bayramlar, máresimler hám ǵalabalıq ilajlarda xalıqtıń úplep shertiletuǵın saz ásbapları tariyxıy áhmiyetke iye bolǵan. XX ásirde muzıka bilimlendiriwi hám mádeniyat mákemeleriniń rawajlanıwı menen aymaqta akademiyalıq atqarıwshılıq ámeliyatınıń bir bólegine aylanǵan klassikalıq úplep shertiletuǵın saz ásbapları tarqalǵan. Olaran fleyta, klarnet, goboy, fagot, truba, valtorna, trombon hám basqa saz ásbaplarında atqarıwshılıqtıń rawajlanıwı professional orkestrlerdiń qáliplesiwine, koncert iskerliginiń keńeyiwine, muzıka bilim dárejesiniń artıwına xızmet etti.

Qaraqalpaqstanda klassik (akademik) demli saz ásbablarınıń payda bolıwı hám rawajlanıwı dástúriy folklor menen óz-ara baylanıstan tartıp, professional mektep, simfonik atqarıwshılıq hám kompozitorlıq dóretiwshiliginiń jaratılıwına deyin bolǵan joldı basıp ótken.

Muzıka mádeniyatında demli saz ásbapları úlken orın iyeleydi. Olardıń tariyxı xalıq dástúrleri, máresimleri, bayramları, professional muzıka kórkem óneriniń rawajlanıwı menen tıǵız baylanıslı. Uzaq ásirler dawamında úplep shertiletuǵın saz ásbaplar saltanatlı máresimler, xalıq seyilleri, áskeriy waqıyalar hám túrli mádeniy ilajlarda qatnasıp kelgen.

XX ásirde Qaraqalpaqstanda muzıkalıq bilimlendiriw sistemasınıń rawajlanıwı hám mádeniy mákemelerdiń shólkemlestiriliwi menen Evropa demli saz ásbapları: truba, trombon, valtorna, klarnet, fleyta, saksofon hám basqalar jedel tarqala basladı. Bul processte muzıka mektepleri, oqıw orınları, demli orkestrler, sonday-aq, mámleketlik konservatoriya hám Qaraqalpaq mámleketlik muzıkalı teatrı úlken áhmiyetke iye boldı. Ásirese, balalar muzıka mektepleriniń shólkemlestiriliwi ayrıqsha áhmiyetke iye bolıp, olarda demli saz ásbapları klassları ashıldı.

Oqıtıw akademiyalıq baǵdarlamalar tiykarında alıp barılıp, oynaw texnikası, muzıka teoriyası, solfedjio, ansambl hám orkestr atqarıwshılıǵın úyreniwdi óz ishine alǵan. Olardıń kópshiligi Ózbekstannıń qánigelestirilgen muzıka mektepleri hám joqarı oqıw orınlarında bilim alıwdı dawam ettirip, oqıtıwshı hám artist sıpatında Qaraqalpaqstanǵa qaytıp keldi. Bul orkestr atqarıwshıları, pedagogları hám artistleriniń jańa áwladın tayarlaw imkaniyatın berdi. Waqıt ótiwi menen úplep shertiletuǵın sazlardan tek ǵana áskeriy hám bayram orkestrlerinde emes, al simfoniyalıq, estrada hám xalq jámáátlerinde de paydalanıla basladı. Keyingi jılları demli orkestrler Qaraqalpaqstannıń qala hám rayon oraylarında keńnen en jaydı. Olar mámleketlik bayramlarda, saltanatlı ilajlarda, xalıq seyillerinde, koncertlerde, mádeniyat bayramlarında qatnasqan.

Nókis muzıka mektebiniń (házirgi qánigelestirilgen mádeniyat mektebi) ashılıwı jergilikli fleyta, klarnet, truba, valtorna hám basqa da úplep shertiletuǵın saz ásbaplarında atqarıwshılardı sistemalı tayarlawdı baslaw imkaniyatın berdi. Qaraqalpaqstanlı sazendeler Tashkent mámleketlik konservatoriyası hám regionnıń basqa da jetekshi joqarı oqıw orınlarında bilim aldı.

Qaraqalpaqstanda tarlı hám úplep shertiletuǵın saz ásbapları qánigeligi oqıw ornı ashılǵannan baslap jumıs alıp barǵan. Onıń dáslepki oqıtıwshıları N. Muxammeddinov, A.N. Kogay, K. Nametullaev, V.S. Shelomencov, N.I. Yagodin, T. Ótemuratov, N.L. Brokman, sońınan Sh. Paxratdinov, T. Esirkepov, M. Tarixov, M. Rustambekov, T. Berdibekova, M. Zuxurov, D. Reymov, L. Paxratdinova, N.M. Murmancev, A.M. Anoshin, V.M. Klyuchnikov, Ya.N. Coy, R. Xallıev keyingi jılları A. Qoshımbetov, A. Losevskiy, A.V. Maryuxin, V. Maksimov, P. Qurbanazarov, E. Orınbaev, S. Seytqasımov, P. Tnıbaev, J. Sharipovlar jaslarǵa ustazlıq etip, usı kúnge shekem rawajlanıp kelmekte.

Demlı saz ásbapları qaraqalpaq muzıka kórkem ónerine ótken ásirdiń 40-jıllarınan keyin kirip kelgen sırt el saz ásbabı esaplanadı. 1960-jılı muzıka uchilishesi ashılǵannan sоń demli ásbaplar qánigeligine joqarı oqıw ornına oqıwǵa kirip, pitkerip shıqqan kadrlardan Qaraqalpaqstan Respublikasına xızmet kórsetken mádeniyat xızmetkeri, Ózbekstan ruwxıylıq hám aǵartıwshılıq

isleri aǵlası A. Abdikamalov (truba), Qaraqalpaqstan Respublikasına xızmet kórsetken kórkem óner ǵayratkeri P. Qurbanazarov (klarnet), S. Muxameddinov (fleyta), Q. Qarlıbaev (fagot), A. Orazbaev (truba), T. Musaev (fagot), J. Qoshımbetov (valtorna), S. Seytqasımov (truba), J. Sharipov (tuba) bolǵan.

Qaraqalpaqstan Respublikasında demlı saz ásbapları atqarıwshılıǵınıń rawajlanıwı, bul baǵdarda kadrlardıń ilimiy dárejesin arttırıw, ilimiy dóretiwshilik jumısın bunnan bılay da rawajlandırıw, talantlı jaslardı izlep, bul tarawǵa tartıwda kóplegen jumıslar alıp barılmaqta. Bul úlkede tuwılıp ósken bir neshe áwlad Ózbekstan mámleketlik konservatoriyasında bilim alıp, úlken nátiyje hám tájiriybege iye bolǵan dirijyorlar, úplep shertiletuǵın saz ásbapları atqarıwshıları hám tájiriybeli pedagog kadrlar jetilisip shıqqan. Bular arasında Tnibaev Polat (fagot), Musaev Timur (fagot), Orınbaev Erkin (gaboy), Qudaybergenov Tólepbergen (truba), Erniyazov Aydos (valtorna), Xabipov Miyras (dirijyor, fleyta), Sharipov Jaqsılıq (tuba), Zaitov Timur (klarnet), Aliev Nursultan (trombon), Jumabaev Abdirasul (trombon) hám basqalardı atap ótiw orınlı.

Orkestr atqarıwshılıǵınıń qáliplesiwinde Qaraqalpaqstan Respublikası mámleketlik filarmoniyası, Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik muzıkalı teatrı, mádeniyat hám bilimlendiriw mákemeleri janındaǵı dóretiwshilik jámáátler áhmiyetli orın iyeledi. Olardıń jumısı sebepli demli orkestrler aymaqtıń koncert turmısınıń ajıralmas bólegine aylandı. Ózbekistan ǵárezsizlikke eriskennen soń, demli atqarıwshılıqtıń rawajlanıwı ushın jańa imkaniyatlar jaratıldı. Dóretiwshilik joybarlar, festival hám tańlawlar kóbeydi, xalıqaralıq mádeniy baylanıslar keńeydi. Qaraqalpaqstanlı sazendeler respublikalıq hám xalıqaralıq tańlawlarda belsene qatnasıp, kásiplik sheberligin arttıra basladı.

Juwmaqlap aytqanda házirgi waqıtta Qaraqalpaqstannıń demli saz orkestrleri tabıslı rawajlanıp barmaqta. Olar mámleketlik bayramlar, mádeniyat forumları, festivallar hám koncert maydanlarında shıǵıp, orkestr atqarıwshılıǵınıń eń jaqsı dástúrlerin saqlap qalmaqta hám qaraqalpaq xalqınıń muzıkalıq miyrasın en jaydırmaqta. Jas sazendelerdi tayarlaw muzıka mektepleri, kolledjler hám joqarı oqıw orınlarında ámelge asırılmaqta, bul bolsa aymaqta áwladlar dawamlılıǵın hám demli saz ásbap ónerinıń jáne de rawajlanıwın támiyinlemekte.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**


1. Келдыш Ю. В. (ред.). Музыкальная энциклопедия: в 6 т. – М.: Советская энциклопедия, 1973–1982.
2. Келдыш Г. В. (ред.). Музыкальный энциклопедический словарь. – М.: Советская энциклопедия, 1990.
3. Левин С. Духовые инструменты в истории музыкальной культуры. 4.2.Л.,1983.
4. Материалы Министерства культуры Республики Узбекистан. URL: https://madaniyat.uz
5. Материалы Государственной консерватории Узбекистана. URL: https://konservatoriya.uz
6. Салихов Б., Матякубов Б. Узбекистонда дамли ва зарбли чолгуларда ижрочилик тарихи. Т., 2007.